

Ou resevwa yon lèt konsènan English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè) Kisa pou fè annapre?

Ou resevwa yon lèt ki soti nan distri lekòl la paske fanmi w pale yon lang ki pa anglè lakay. Timoun ou an ka kalifye pou English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè).

1

Distri lekòl la teste konpetans nan lang anglè timoun ou an.
Li gen ladan l:

- lekti
- ekriti
- tandé
- pale



Si timoun ou an kalifye, distri lekòl la ap voye rezulta yo pou ou.



Epitou, y ap rekòmande pwogram plasman nan lekòl English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè).

2

Ou gen chwa.
Aprann sou dwa ak opsyon ou yo.



Men sa nou kapab fè!

- Gade pwogram ki disponib yo.
- Patisipe nan reyinyon ak konferans sou English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè)
- Chwazi yon plasman disponib ki diferan.

3

Si timoun ou an nan pwogram English Learner Education (ELE) (Ansèyman pou Moun K ap Aprann Anglè), lekòl la pral teste konpetans nan lang anglè timoun ou an regilyèman pou wè lè li pare pou sòti nan pwogram nan.



Kòm yon aprenan nan plizyè lang ki fè siksè, li kapab resevwa yon pri ki se So Eta a pou moun ki aprann nan de (2) lang (Biyalfabetizasyon).




Ou menm ak lekòl la se patnè nan edikasyon timoun ou an.

Ann travay ansanm pou pouse elèv la fè siksè!

Men kèk pwochen etap:

- Aprann konnen pwofesè ak pèsonèl la
- Jwenn enfòmasyon sou So Eta a pou moun ki aprann nan de (2) lang (Biyalfabetizasyon)
- Poze kesyon epi pataje enfòmasyon
- Enplike nan English Learner Parent Advisory Council (ELPAC) (Konsèy Defans pou Paran Aprenan Lang Anglè a)



Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center (Sant pou Anjaman Famni nan Tout Eta Massachusetts), yon pwogram ki nan Federation for Children with Special Needs (Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal) ki te devlope resous sa a pou Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (Depatman pou Edikasyon Elementè ak Segondè nan Massachusetts).